



KONDISYON POU DEPLASMAN TANPORÈ POTO LANP

- 1. Òganizasyon ou an ap responsab pou tout frè pou depasman tanporè poto lanp ki konsène a, epi l ap estoke ak reyenstale lanp lan nan anplasman orijinal li.
2. Òganizasyon ou an responsab pou nenpòt limyè lari ki manke oswa ki andomaje oswa nenpòt lòt pwopriyete pandan depasman ak reyenstalasyon oswa ranplasman li, sa gen ladan fondasyon poto lanp lan (yo). Limyè lari a ak fondasyon yo dwe retabli nan eta yo te ye anvan a.
3. Pou sekirite piblik la, yo dwe founi ak antretni ekleraj tanporè nan anplasman poto lanp lan oswa toupre anplasman an. Yo dwe konsève nivo ekleraj yo annakò avèk Sosyete Eklerant Amerik Dinò (Illuminating Society of North America, IESNA).
4. Se yon Elektrisyen lisansye Vil New York ki dwe fè tout travay yo.

Pou enfòmasyon ou, nou endike anba a kontraktè elektrisyen antretyen ekleraj lari aktyèl yo:

Table with 4 columns: Company Name, Phone Number, Company Name, Phone Number. Includes Hellman Electric, Verde Electric, Windsor Electrical, Welsbach Electric, EJ Electric, Metro Electrical.

- 5. Ou aksepte retire responsabilite sou Vil la pou nenpòt sitiyoasyon ki vin genyen akòz sa ki endike anwo a.
6. Ou pral kontakte Divizyon Ekleraj Piblik (Division of Street Lighting), nan (212) 839-3322, omwen karant-wit (48) èdtan anvan kòmansman travay la.
7. Siyati yon responsab otorize kòm sadwa pou òganizasyon ou an nan anba dokiman sa, ak si w voye l tounen bay Division of Street Lighting, 34-02 Queens Boulevard, Long Island City, New York 11101, sa ap reprezante konsantman ou pou sa ki anwo la a.

Anplasman Poto ki Deplase (yo): _____

Non Òganizasyon an: _____

Adrès Postal: _____

Siyati (Ofisyèl oswa Òganizasyon)

Tit

Dat

Non ak # Lisans Kontraktè Elektrisyen an _____

